



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE MOUN NEW YORK YO POU YO PREPARE POU NIVO CHALÈ KI DANJERE YO KI AP KÒMANSE WIKENN SA EPI DIRE JISKA LENDI**

***Gwo Tanperati Ki Melanje ak Imidite Ki Ogmante Ta Ka Danjere pou Popilasyon Ki An Danje yo, Ki Enkli Granmoun Aje yo ak Timoun Piti yo***

***Limit Konsèy sou Chalè an Te Bese rive 95 Degre Fahrenheit pou Ede Anpeche Maladi Ki Lye ak Chalè yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te avèti tout moun New York pou yo prepare pou yon peryòd pwolonje chalè ak imidite danjere, ke yo prevwa pral kòmanse nan wikenn sa epi dire jiska Lendi 2 Jiyè. Pou ka evite maladi ki an rapò ak chalè yo, Gouvènè an ap ankouraje moun yo limite aktivite fizik ekstèn ki egzijan anpil yo pandan peryòd tan sa, espesyalman pou moun ki pi siseptib yo, ki enkli jèn timoun yo, granmoun aje yo, sila yo ki ap fè egzèsis deyò yo, ak sila yo ki enplike nan travay ekstèn vigoure yo, ak sila yo ki gen maladi respiratwa tankou moun ki asmatik yo. Popilasyon ki an danje yo ta dwe pran mezi ki nesèsè yo pou kapab rete fre pandan ke tanperati yo ap monte.

“Ak yon seri chalè ak imidite ekstrèm devan nou, mwen egzòte abitan yo ak vizitè yo pou yo pran pekosyon ki nesèsè pou kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje tout moun New York yo tire avantaj de estasyon rafrechisman yo nan eta a, pisin ak rivyè yo ki toupatou nan Empire State, epi pou yo konsidere kalite lè a ak lòt faktè risk sante yo pou asire yo pase yon wikenn vakans agreyab epi an sekirite.”

**Gwo Tanperati yo**

Sèvis Metewo Nasyonal lan (National Weather Service) fè previzyon yon vag chalè konsiderab kòmanse apati Vandredi 29 Jen, epi dire jiska omwen Lendi 2 Jiyè, ak posib deteryorasyon kalite lè. Konbinezon gwo tanperati ak imidite yo pral abouti a echèl chalè ki klase ant mitan 90 yo ak jiska 104 degre, espesyalman kote ki lwen de liy kotyè a, nan zòn ibèn yo, ak pi ba altitud yo ak vale yo. An plis, gwo lapli ak tanpèt posib aswè a pou rive nan Jedi kapab pwodwi gwo lapli, sa ki ap lakòz izolasyon ki izole nan zòn ibèn ak pa byen fè drenaj yo ak ti dlo ki ap kouri yo.

Resamman, sou òdonans Gouvènè an, Depatman Sante (Department of Health, DOH) a, an kolaborasyon ak Sèvis Metewo Nasyonal lan, te bese tanperati pou alète moun yo pou risk maladi ki lye ak chalè yo pandan jounen ki cho yo ak vag chalè yo soti 100

degre pou ale 95 degre. Rechèch ke DOH te fè a, ki te finanse pa NASA, te montre ke vizit depatman ijans ak admisyon nan lopital yo akòz chalè yo ogmante yon nivo konsiderab nan jou kote endèks chalè yo atenn 95 degre oswa pi plis. Risk estrès, dezidratasyon, maladi renal, maladi kadyovaskilè ak lanmò akòz chalè yo ogmante pou rive jiska kat jou apre yon vag chalè.

### **Lokal Sant Rafrechisman ak Pou Moun Naje yo**

An plis, Depatman Sante Eta New York lan te kreye sou entènèt yon lis sant rafrechisman yo, kote moun ka ale pou ka rafrechi nan jou ki gen tanperati ekstrèm yo. Ou ka jwenn yon lis adrès ak nimewo telefòn sant rafrechisman yo ke depatman sante lokal ansanm ak biwo jesyon ijans yo nan chak rejyon yo te pibliye ki disponib [isit la](#). Tout pisin ak plaj yo atravè sistèm Pak Eta New York lan yo ouvri kòm yon opsyon pou moun yo ka rafrechi pandan jounen cho ki gen pou vini yo.

Lokal ki popilè pou moun naje yo gen ladan yo Jones Beach, Robert Moses ak Sunken Meadow nan Long Island; Denny Farrell Riverbank, Roberto Clemente Pools, ak Gantry Plaza Spray Pad nan Vil New York; Bear Mountain, Rockland Lake, Minnewaska, Lake Taghkanic, ak Taconic (Copake ak Rudd Pond) ki nan Hudson Valley; Grafton Lakes, Saratoga Spa (Pisin Victoria ak Peerless), ak Moreau Lake ki nan Distrik Kapital; Delta Lake ki nan Mohawk Valley; Green Lakes ak Verona Beach ki nan New York Santral; Taughannock Falls ak Watkins Glen ki nan Southern Tier; Fair Haven ak Hamlin Beach ki nan Finger Lakes; ak Fort Niagara, Evangola ak Allegany (Zòn Quaker) ki nan Rejyon Lwès New York.

Yon lis konplè ki gen tout lokal pou moun naje ki disponib ak kote pou moun rafrechi yo disponib [la a](#). Opòtinite lanaj adisyonèl yo disponib nan anpil tèren kan ke DEC ap jere nan pak Adirondack ak Catskill yo. Nou kapab jwenn yon lis konplè ki gen tout opòtinite lanaj adisyonèl ki disponib yo nan tèren kan DEC yo [la a](#).

### **Prekosyon pou Kalite Lè a**

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal lan (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante a ap siveye previzyon yo epi yo pare pou fè soti Konsèy Sante sou Kalite Lè yo (Air Quality Health Advisories) pou rejyon yo nan eta a nan wikenn sa ak kòmansman semèn pwochèn nan. Chalè estival yo kapab lakòz fòmasyon ozòn nivo tè a, ki se yon konpozan majè nan smog fotochimik lan. Echapman otomobil ak sous emisyon gaz an deyò eta yo se sous prensipal ozòn nan nivo tè a epi yo se pwoblèm polisyon lè ki pi grav yo nan rejyon nòdès lan. Yo pa ta dwe konfonn polyan sifas sa ak kouch ozòn pwotektris ki nan pi wo nivo atmosfè a. Dènye enfòmasyon sou kalite lè a, ki enkli ozòn ak nivo Matyè Patikil 2.5 yo, disponib nan [Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal](#) lan ak [Depatman Sante](#) a. An plis, DEC te etabli yon Lij Asistans sou Kalite Lè a ki gratis ke yo ka kontakte nan 1-800-535-1345 pou ede enfòmè piblik lan sou alèt pou kalite lè yo. Viizte [paj](#) previzyon Endèks Kalite Lè DEC a pou ka jwenn dènye enfòmasyon yo.

Tout moun yo, espesyalman jèn timoun yo, sila yo ki ap fè egzèsis deyò yo, sila yo ki enplike nan travay ekstèn ki vigoure, ak sila yo ki gen maladi respiratwa tankou moun ki asmatik yo, ta dwe konsidere limite aktivite fizik ekstèn ki egzijan anpil yo lè nivo ozòn yo pi wo yo (jeneralman nan aprèmidi ak kòmansman swa yo). Lè nivo ozòn ekstèn yo elve, ale anndan kay yo pral abityèlman redwi ekspozisyon ou. Moun ki ap

eksperimante sentòm tankou esoufleman, pèn nan pwatrin oswa tous yo ta dwe konsidere konsilte doktè yo an. Nivo ozòn yo jeneralman diminye lanwit epi yo ka minimize pandan orè jounen an apati rediksyon vwayaj otomobi ak itilizasyon transpò piblik yo kote yo disponib.

### **Sekirite pou Dlo**

Najè yo ta dwe sonje ke lanaj nan lak yo, rivyè yo, ak dlo ki ap kouri yo ak tanperati ki pi ba pase 77 degre yo kapab danjere epi sa kapab lakòz ipotèmi. Aktyèlman, Lake Ontario te rapòte tanperati ki tou pre 54 degre, Lake Erie gen tanperati dlo ki ant 65-70 degre, epi Lake Champlain gen tanperati dlo ki 62 degre.

Moun ki nan bato ta dwe asire yo ke yo pran prekosyon sekirite ki apwopriye yo. Biwo Sèvis Marin (Marine Services Bureau) Pak Eta New York lan ap ofri konsèy sekirite sa yo.

Yo ap raple plezansye yo pou yo pratike navigasyon bato lwazi nan fason sekirite ak responsab, ki gen ladan:

- Mete dispozitif flotezon pèsònèl nenpòt lè yo sou dlo. Lwa eta mande pou timoun yo ki anba laj 12 zan mete yon aparèy flotasyon pandan yo nan yon bato;
- Konplete yon kou sou sekirite notik;
- Ekipe ak enspekte bato yo nan fason apwopriye;
- Mentni yon vitès pridan;
- Evite melanje alkòl avèk navigasyon bato.
- Tcheke tanperati a anvan ou ale sou dlo pou w konnen si gen potansyèl pou tanpèt epi chècheabri sou rivaj yo toutswit si ou tande loraj.

Moun k ap pagaye kannòt, kayak yo ak moun ki kanpe sou planch a bra yo dwe konnen kapasite yo epi yo dwe pran prekosyon lè gen van vyolan ak van estab k ap kreye gwo vag yo, oswa lè gen kouran ki fò yo. Pagayè ki sou dlo kote ki genyen bato a motè yo dwe rete pwòch litoral la epi andeyò kanal prensipal yo.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sekirite nan bato, ki enkli yon lis fòmasyon sou sekirite nan bato yo, ak divètisman marin nan Eta New York, klike [la a](#).

### **Konsèy pou Chalè yo**

Gwo chalè se kòz prensipal ka lanmò ki asosye avèk chalè epi ki kapab evite, sitou pami granmoun aje yo. Dapre Sant federal pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention), chalè lakòz plis pase 600 ka lanmò ki te kapab evite nan Etazini chak ane. Pou ede Nouyòke yo rete an sekirite pandan gwo chalè yo, Gouvènè an te ofri konsèy sa yo:

#### **Moun ki dwe byen enfòme:**

- Se vye granmoun ak timoun piti ki pi afekte
- Moun ki soufri pwoblèm pwa oubyen alkòl gen anpil chans pou fè reyaksyon akòz chalè
- Moun ki sou sèten medikaman

### Prepare tèt ou:

- Ralanti sou aktivite ak ekzèsis yo, sitou nan lè kote solèy la cho anpil ant 11 a.m. jiska 4 p.m.
- Ou dwe fè ekzèsis yo byen bonè nan maten ant 4 a.m. ak 7 a.m.
- Manje mwens pwoteyin epi plis fwi ak legim. Pwoteyin yo pwodwi epi ogmante metabolis chalè, ki koze ke ou pèdi dlo. Manje ti kantite manje, men bwè pi souvan. Pa manje bagay ki sale.
- Bwè omwen 2-4 vè dlo pa è lè gen gwo chalè, menmsi ou pa santi ou swaf. Pa bwè bwason ki gen alkòl oswa kafeyin.
- Si posib, pa rete nan solèy la, rete nan è-kondisyone. Solèy la chofe nwayo anndan kò ou, sa ki ka lakòz ou dezidrate. Si pa gen èkondisyone, rete nan etaj ki pi ba, pa rete nan solèy la, ouben ale nan yon batiman piblik ki gen èkondisyone.
- Si ou oblije soti deyò, mete krèm solè ki gen yon wo nivo faktè pwoteksyon kont solèy (ki klase omwen 15 SPF) ak yon chapo pou pwoteje figi ak tèt ou. Lè ou deyò, mete rad ki laj, ki lejè epi ki gen koulè pal. Kouvri po ou otan ou kapab pou evite kout-solèy ak efè chofaj avanse solèy la sou kò ou.
- Pa janm kite timoun yo, bèt domestik, oswa moun ki gen bezwen swen espesyal yo nan yon machin oswa lòt veyikil ki estasyon pandan peryòd chalè ekstrèm nan sezon ete a. Tanperati ki anndan yon veyikil ki fèmèn kapab depase rapidman 140 degre Fahrenheit. Ekspozisyon nan tanperati ki wo konsa kapab touye ou nan kèk minit sèlman.
- Fè yon efò pou voye je sou vwazen ou yo, sitou si yo se granmoun, si yo gen timoun piti ouben gen bezwen espesyal.
- Asire'w ke gen manje ak dlo sifizan pou bèt domestik yo.

### Konnen Siy Maladi ki Lye ak Chalè yo:

Ekspozisyon ki pwolonje a chalè kapab danjere epi potansyèlman fatal. Rele 911 si ou menm oswa yon moun ke ou konnen montre siy oswa sentòm maladi ki lye ak chalè yo, ki gen pami yo:

- Tèt fèmal
- Etoudisman
- Kranp Miskilè yo
- Kè plen
- Vomisman

Wap jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou rete ansekirite pandan peryòd gwo chalè, klike [isit la](#).

An plis, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) resamman ke yo te mete disponib 3 milyon dola nan finansman federal pou moun New York ki gen maladi sante grav yo atravè Pwogram Asistans Chofaj nan Kay lan (Home Heating Assistance Program, HEAP) pou ka resevwa asistans pou achte aparèy lè kondisyone. Yo pral bay asistans rafrechisman sou baz premye vini premye sèvi. [Depatman sèvis sosyal lokal yo](#) pral aksepte aplikasyon jiska 31 Dawout, oswa jiskaske finansman fini.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)